*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 124 (25853)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2023 азы 13 июл — сусæны мæйы 13 бон, цыппæрæм** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НАУКÆ *Бæрзонд тыллæджы бындур*
3 ПОЭЗИЙЫ УЫЛÆНТÆ *Газеткæсджыты сфæлдыстад*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Æвзонг богæлтты æнтыстытæ*

**Медиафорум**

# "PRO Кавказ": адæмты хæлардзинады тыхис дзырдаивады

**Знон Дзæуджыхъæуы йæ куыст райдыдта дыккæгæм дунеон медиафорум "PRO Кавказ". Дзыллон информацийы фæрæзты æмæ медиатыгъдады иннæ минæвæртты уæрæх фембæлд арæзт цæуы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ хъæппæрисæй.**




Ныр Цæгат Ирыстонмæ дыккаг хатт æрбамбырд сты Цæгат Кавказы федералон зылды журналисттæ, блогертæ, чиныгуадзджытæ, паддзахадон æмæ æнæкоммерцион структурæты бæрнон кусджытæ, экспертон æхсæнады минæвæрттæ. Дыууæ боны дæргъы медиакъабазы архайджыты 'хсæн ныхас цæуы профессион дæсныйады фарстатыл, делегациты уæнгтæ зонгæ кæнынц кæрæдзийы фæлтæрддзинадимæ, дзурынц иумæйаг информацион проекттыл...

Уыимæ, сæрмагондæй зæгъын æмбæлы, ацы хатт форумы архайджыты фæзуат зынгæ кæй фæуæрæхдæр, уый. Афтæ, Цæгат Кавказы федералон зылды минæвæрттæй уæлдай, Дзæуджыхъæумæ саккаг кодтой Мæскуыйы, Дард Хурыскæсæн æмæ æндæр уæрæсейаг регионты, Белоруссийы, Сомихы, Хуссар Ирыстоны делегацитæ дæр.

Форумы фæлгæты знон йæ куыст райдыдта Цæгат Кавказы федералон зылд æмæ Хуссар Ирыстоны дзыллон информацийы фæрæзты экспозици æмæ чиныгуадзæнты продукцийы равдыст-армукъа.

Экспозицитæ æмæ равдысты æрмæджытимæ базонгæ сты РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, Цæгат Кавказы федералон зылды УФ-йы Президенты Минæварады бæрнон кусджытæ, Цæгат Ирыстоны Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Фидараты Юри** æмæ иннæтæ.

— Дунеон медиафорумы архайджытæн зæрдиаг салам зæгъын Ирыстоны зæххыл! Дзыллон информацийы фæрæзты кусджытæ æмæ экспертон æмæхсæнады минæвæрттæ ногæй æрбамбырд сты Дзæуджыхъæумæ, цæмæй иумæйаг хъарутæй бакусой сæ профессион дарддæры рæзтыл, цæмæй снысан кæной фидæны æнгомдæр æмархайды сæраппонд цымыдисаг проекттæ. Форумы æппæт архайджытæ æмæ уазджытæн дæр мæ зæрдæ зæгъы æнтыстджын куыст, — йæ арфæйы ныхасы фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.





Форумы архайджытæ æмæ уазджытæм цыбыр раныхæстимæ фæсидтысты Фидараты Юри, РЦИ-Аланийы сæйраг федералон инспектор **Сергей Гончаров**, Цæгат Ирыстоны Журналистты цæдисы сæрдар **Хъуысаты Тимур** æмæ иннæтæ.

Ныхасы бар лæвæрд æрцыд республикæйы уазджытæн дæр. Уыдоны 'хсæн сты дзыллон информацийы фæрæзты зындгонд минæвæрттæ æмæ медиатыгъдады раззагдæр эксперттæ. Уыдонимæ — телеуынынады журналист, УФ-йы Паддзахадон Думæйы депутат **Евгений Попов**, телеканал "Санкт-Петербург"-ы генералон директор **Александр Малькевич**, Кавказы сомихаг институты директор **Александр Искандарян**, информацион агентад "ТАСС"-ы пресс-центры разамонæг **Николай Яковлев**, агентад "Минск-Новости"-йы генералон директор **Андрей Кривошеев** æмæ иннæтæ.

Боны дыккаг æмбисы форумы архайджытæ æрбамбырд сты пленарон сессимæ. Уыцы æмбырды архайдта æмæ раныхас кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Республикæйы разамонæг Цæгат Ирыстоны уазджытæн зæрдиаг æгасцуай загъта, стæй йæ хъуыдытæ фæбæлвырд кодта нæ абоны царды ахсджиагдæр фарстатæм, дзыллон информацийы фæрæзты минæвæртты размæ лæууæг вазыгджындæр хæстæм.

Форум цæттæгæнæг комитеты куыд фехъусын кодтой, афтæмæй æмбырды программæйы журналисттæн ис бирæ алыхуызон фембæлдтытæ: лекцитæ, "тымбыл стъолтæ" æмæ афтæ дарддæр. Уымæй уæлдай, форумы фæлгæты хыгъд æрцæудзысты хуыздæр журналистон куыстыты конкурсы бæрæггæнæнтæ (уæлахиздзаутæ æвзæрст æрцæудзысты 8 алыхуызон номинацийы).

"PRO Кавказ"-ы цы фембæлдтытæ рауад, уыдоны тыххæй æрмæджытæ мыхуыргонд æрцæудзысты "Рæстдзинад"-ы хæстæгдæр номырты.

**ГАСАНТЫ Валери,**
**къамтæ систа**
**ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Ногдзинад**

## Чырæг бастдзинады фæрæзтæ — Хохы Карцайы

**Фæлладуадзæг адæмы цæсты кадджын чи у, уыцы Хохы Карцайы æрæджы æвæрд æрцыдысты мобилон бастдзинады нырыккон фæрæзтæ.**

Уый фæрцы ныр хъæуы цæрджытæ æмæ уазджытæ æнæкъуыхцыйæ пайда кæнынц чырæг телефонтæй.

— Кæй зæгъын æй хъæуы, абоны царды мобилон бастдзинад æнæмæнгхъæугæ хъуыддаг у. Иуафон нæм Хохы Карцайы цæрджытæ бахатыдысты, цæмæй бакусæм хъæумæ чырæг бастдзинад бауадзыныл. Уыцы æууæл хынцгæйæ, компани "МегаФон"-ы минæвæрттимæ иумæ бакуыстам, цæмæй хъæуы æвæрд æрцæуа телекоммуникацион ифтонггæрзтæ. Ныр бынæттон адæм æмæ хъæуы уазджытæ æнæкъуыхцыйæ пайда кæндзысты нырыккон бастдзинадæй, — радзырдта РЦИ-Аланийы Нымæцон райрæзты комитеты сæрдар **Гахаты Даниил**.

**Нæ уацхæссæг**

**Уæрæсе — Хуссар Ирыстон**

## Нымайæн палатæты æмгуыстады бадзырд

**Ацы къуырийы кæрон Цхинвалмæ ссæудзæн Башкирийы республикæйы Контролон-нымайæн палатæйы бæрнон кусджыты делегаци.**

Уый тыххæй фехъусын кодта Хуссар Ирыстоны Контролон-нымайæн палатæйы сæрдары хæдивæг **Хуыбылты Вадим**.

Хуыбылы-фырты ныхасмæ гæсгæ, уæрæсейаг регионтимæ æмархайд æнгомдæр кæныны мадзæлтты фæлгæты Хуссар Ирыстон æмæ Башкирийы нымайæн палатæты минæвæрттæ бафысдзысты æмгуыстады бадзырд.

Уæрæсейаг регионы нымайæн палатæйы специалисттæ сæ фæлтæрддзинадæй фæхай кæндзысты хуссарирыстойнаг ведомствæйы кусджытæн, æрдзурдзысты дарддæры иумæйаг проекттыл.

**(Информацион агентад "Рес")**

**Национ проекттæ**

## Æрдзон фæрæзтæй пайда кæнын æмæ алфамбылай тыгъдад хъахъхъæнын

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис профилон республикон министрадтæ æмæ районты разамонджытæн цы уæрæх æмбырд сарæзта, уым бæстон ныхас рауад æрдзон фæрæзтæй хæдзарджынæй пайда кæнын æмæ алфамбылай тыгъдад хъахъхъæныны фарстатыл.**



Фембæлды архайджытæ сæйраг æргом аздæхтой, фыццаградон национ проект **"Экологи"**-йы уагæвæрдтæ республикæ куыд æххæст кæны, уымæ. Зæгъæм, Цæгат Ирыстон кусы амынд национ проекты дæлхайад — программæ **"Бындурон æфснайд"**-ы мадзæлттыл. Программæйы сæйрагдæр нысан у æнæзакъон бырондæттæ æмæ æндæр тæссаг хауæццæгтæй цæрæн бынæттæ æмæ сæ алфамбылай асыгъдæг кæнын.

РЦИ-Аланийы æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министр **Бæззаты Вадим** бæстон радзырдта, программæйы мадзæлттыл министрад æмæ йæ дæлбар ведомствæтæ куыд кусынц, уый тыххæй. Йæ ныхасмæ гæсгæ, сæрмагонд рейдон къордтæ иудадзыгдæр бæрæг кæнынц, экологон æгъдауæй зæрдæхсайгæ чи у æмæ асыгъдæг кæнын цы бынæттæ хъæуы, уыдон.

Уыцы куысты фæткыл дзургæйæ, Дзанайты Барис профилон ведомствæйы минæвæрттæн бахæс кодта, цæмæй сног кæной, алфамбылай æрдзы уавæрыл æвзæрæрдæм чи зыны, уыцы объектты номхыгъд. Ахæм номхыгъд арæзт куы æрцæуа, уæд та федералон министрадты размæ фарста æвæрд æрцæудзæн, цæмæй уыцы объекттæ аиуварс кæнынæн радих кæной æхцайы фæрæзтæ.

— Национ проект "Экологи"-йы фæлгæты республикæ кусы алфамбылай æрдз хъахъхъæныны цалдæр программæйыл. Уыдонæй иу у "Бындурон æфснайд". Ацы программæйы фæрцы рекультивацигонд цæуынц, экологон æгъдауæй æфхæрд цы зæххытæ баййæфтой, уыдон. Уыимæ, ацы къабазы нырма бирæ тыхстаг фарстатæ ис. Уыцы æууæл хынцгæйæ, æппæт фарстатæ дæр бабæстон кæнын æмæ сæвæрын хъæуы федералон центры размæ. Амынд национ проект экологон уавæр банывыл кæнынæн цы фадæттæ дæтты, уыдонæй хъæуы ахадгæ хуызы спайда кæнын, — бацамыдта Хицауады Сæрдар.

Æмбырды архайджытæ се 'ргом аздæхтой, республикæйы цæугæдæтты былгæрæттæ куыд фидардæргонд цæуынц æмæ цæрæн бынæттæ донивылдтытæй бахъахъхъæныны нысанимæ арæзт пълантæ куыд æххæст кæнынц, уымæ дæр.

Æппæт фарстаты фæдыл дæр докладтæ скодтой бæрнон ведомствæты минæвæрттæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2023 азы дыккаг æмбисæн

**Кæронмæ æрхæццæ кæны 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**

**Фæлæ, цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ уыдзæн ныр дæр.**




**2023 азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1356 сомы; адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1106 сомы æмæ 82 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!**

**Газет рафыссæн ис 15 июлмæ.**

***РЕДАКЦИ***

**Æрдзы хивæнд митæ**

## Тыхджын къæвдаты фæстиуджытæ...

**Къуырийы райдайæны Дзæуджыхъæуы цы тыхджын къæвдатæ æмæ ихуард уыд, уыдон ногæй бахъыгдардтой горæтаг уынгтæй иуæй-иуты.**



Зæгъæм, Шмулевичы æмæ Магкайы-фырты уынгты ногæй рацыдысты лæсæнтæ. Уыдоны фæстиуджытæ аиуварс кæныныл архайынц муниципалон куыстуат **"Спецэкосервис"**-ы радгæс бригадтæ. Адæмæн æххуысæн радих кодтой уæззау техникæйы иуæджы.

"Ныр дыууæ боны дæргъы кусæм Шмулевичы æмæ Магкайы-фырты уынгтæ змисы лæсæнтæ æмæ бырæттæй асыгъдæг кæныныл. Ныридæгæн уал амынд уынгтæй аластам змис æмæ сыджыты лæсæнты 40 тоннæйæ фылдæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы уынгты иуæй-иу хæйттыл автомобилон транспорт цæуы къуыхцытимæ", — радзырдта "Спецэкосервис"-ы минæвар.

Асæрды тыхджын къæвдатæ тынг бахъыгдардтой амынд уынгты фæндæгты уæлцъар. Горæты администрацийы куыд фехъусын кодтой, афтæмæй дарддæры куыстыты пъланмæ бахæсдзысты фæндæгты бындурон цалцæг.

Уый тыххæй фехъусын кодта Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Дзырды фарн

*... хъæлдзæг куы вæййы лæг, уæд ын æнтысгæ дæр фылдæр кæны.*

*ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо*

Боныхъæд — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **13 июлы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **27-32 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **27-29 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,02
**Хурыскаст** — 04,34
**Хурныгуылд** — 19,36

Валютæйы аргъ
**Доллар** — 90,63
**Евро** — 99,89

12+

Куыстад

# Технопарк "Фарн-ДВС": райрæзты нысантæ



**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Рахизфарсы районы бабæрæг кодта технопарк ”Фарн-ДВС”. Республикæйы Сæргълæууæг базонгæ куыстуаты архайдимæ æмæ компанийы разамонджытимæ æрдзырдта дарддæры райрæзты нысантыл.**

æмæ йын уыцы æууæл фадат дæтты, цæмæй йæ продукцийы рауагъд фылдæр кæна, стæй йæ хæрзхъæддзинад дæр уа рæстæджы домæнты аккаг.

"Фарн-ДВС" йæ куыстадон архайдæй æппæт республикæйы дæр хорз зындгонд у. Бирæкъабазджын куыстуат уадзы, хæдзары дзаумайы рауагъды æмæ цæрæнуæттæ аивгæнæн куыстыты кæмæй пайда кæнынц, пластик æмæ æндæр нырыккон æрмæджытæй арæзт ахæм продукци.



Куыстуаты разамонджытæ куыд радзырдтой, афтæмæй нырыккон технологон ифтонггæрзты фæрцы бавнæлдтой куыстыты æндæр хуызтæм дæр. Зæгъæм, цехтæй иуы кæнынц мыхуыр æмæ алыхуызон арæзтадон æрмæджыты ламинаци дæр.

Йæ фембæлдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Сергей Меняйло куыд бафиппайдта, афтæмæй куыстуат уæрæх пайда кæны инновацион технологитæй

Уый тыххæй фехъусын кода РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Барад

# Кæйдæр исбонад фæкъахта

**Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы прокуратурæ зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта, бынæттон 25-аздзыд цæрæджы ныхмæ цы уголовон хъуыддаг арæзт æрцыд, уый фæдыл.**



Нæлгоймаджы зылын кæнынц Уæрæсейы Уголовон кодексы 158-æм статьяйы 2-æм хайы ("Адæймагæн стыр зиан ракæнгæйæ, давыны цау") бындурыл.

Слестгæнджытæ куыд раиртæстой, афтæмæй 2022 азы августы бонтæй иуы, горæты бирæфатерон хæдзæрттæй иуы кæрты уæвгæйæ, гуырысхойаг йе 'ргом аздæхта æнæхицауæй лæууæг хæдтулгæмæ. Машинæ куы басгæрста, уæд йæ дуар разынд гом. Æрыгон нæлгоймаг айтæ-уыйтæ нал фæкодта æмæ машинæйы хуылфæй фелвæста магнитолæ æмæ æндæр техникон фæрæзтæ. Ахæм архайдæй машинæйы хицауæн ракодта 17 мин сомы аргъ зиан.

Кæй зæгъын æй хъæуы, давд техникæйæ йæхи фæндонмæ гæсгæ спайда кодта.

Ныр уголовон хъуыддагмæ æркæсдзæн Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы тæрхондон. Амынд фыдракæнды тыххæй аххосджынæн рахæссæн ис ахæстоны 5 азы онг фæбадыны тæрхон.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Дæсныйады сусæгдзинæдтæ

# “Россети Цæгат Кавказ”: гом дуæртты бон

**Компани ”Россети Цæгат Кавказ”-ы регионалон дæлхайад — куыстуат ”Севкавказэнерго”-йы хæххон-металлургон институты студенттæн сарæзтой гом дуæртты бон.**

тондæр кæнынц, энергетикон комплексы кæцы дæлхайады сæ фæнды кусын, уый", — фæсивæди-



Цæгат Кавказы хæххонметаллургон институты профилон ахуырады хайады студенттæн — фидæны энергетиктæн — компанийы минæвæрттæ сæ объекттыл сарæзтой стыр экскурси. "Севкавказэнерго"-йы бæрнон кусджытæ студенттæн радзырдтой республикæйы энергетикон комплексы абоны уавæр æмæ йæ дарддæры райрæзты нысанты тыххæй, базонгæ сæ кодтой технологон комплексы дæлхайæдты архайдимæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, фæсивæдмæ сæвзæрд бирæ фарстытæ — уыдонæн сын бæстон дзуаппытæ радтой компанийы разамонджытæ æмæ раззагдæр специалисттæ.

"Гом дуæртты бон æмæ æндæр ахæм мадзæлтты фæрцы студенттæ хуыздæр базонынц сæ фидæны дæсныйады хицæндзинæдтæ æмæ сусæгдзинæдтæ, сæхицæн фæбæстæ фембæлды фæстæ фæбæрæг кодта "Севкавказэнерго"-йы директоры хæстæ æххæстгæнæг **Таболты Алыксандр**.

Компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы архайды пъланты сæрмагонд æргом здæхт цæуы энергетикон комплексæн специалисттæ цæттæ кæныны, хуыздæр студенттæм цæстдарын æмæ фæстæдæр куысты бынæттæ дæттыны фарстатæм.

**Нæ уацхæссæг**

Нымæцтæ

# Æхсæры тыллæг

**Куыстуат ” Аланийы æхсæр” 2023 азы фæнд кæны 20 тоннæйы æхсæр æрæмбырд кæнын.**

Абоны онг 200 гектары фæзуатыл сагъд æрцыд æхсæры къутæртæ. РЦИ-Аланийы Хицауады Сæргълæууæг **Дзанайты Барис** куыд загъта, афтæмæй ацы хъуыддаг у, йæ иумæйаг аргъ 160 милуан сомы кæмæн у, ахæм инвестицион проект.

"Куыдфæндыйæ дæр, ныры рæстæджы мах не 'ргом фылдæр здахæм инвестицион проекттæм. Æрæджы уын уæ куыстуаты рæзтæн радих кодтам зæххы хай. Сæйрагдæр нын у амалхъомады къабазæн æххуыс кæнын", — фæнысан кодта премьер.

Уæлдæр амынд 160 милуан сомæй 48,8 милуан сомы — федералон бюджетæй сты, 3,6 милуан сомы — республикæйы æмæ 102,3 сомы та — æнæбюджетон фæрæзтæ. 2023 азы æхцайы фæрæзтæ æххæстгонд цæудзысты 6,5 милуан сомы. 2024 азы та уæлæмхасæнæн 1,9 милуан сомы дихгонд æрцæудзæн хи фæрæзтæй.

Дзанайы-фырт ма бафтыдта, проекты бындурыл ма куысты бынæттæ 50 адæймагæн конд кæй æрцыд, уый дæр.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

Аудынад

# Хъыгдард-баййафджытæн — æххуыс

**Сахакъæвдаты аххосæй хъыгдард чи баййæфта, Уæрæсейы Сырх Дзуар уыцы цæгатирыстойнæгтæн æрбарвыста гуманитарон товарты 14 мин иуæгæй фылдæр. Гуманитарон æххуысмæ хауынц сыгъдæгкæнынады дзаумæттæ æмæ хойраг.**

Ивгъуыд мæй нæ республикæйы цалдæр цæрæн бынаты (уæлдайдæр та — Хуссайраг поселок, Октябрыхъæу æмæ Ирыхъæу) тыхуарынты аххосæй хъыгдард баййæфтой. Дзæуджыхъæуы расидтысты æнæнхъæлæджы уавæры фæтк.

— Сахакъæвдатæ нæ регионы цæрæг фондз мин адæймагæй фылдæры бахъыгдардтой. Хъыгдардбаййафæг цæрæн бынæттæм хойраг æмæ сыгъдæгкæнынады фæрæзтæ баласдзыстæм. Уарыны доны аххосæй бирæ адæмæн сæ хæдзæрттæ æвæрд хъæдæрмæгæй арæзт дзаумæттæ фехæлдысты, æмæ сæ æппарын бахъуыд. Уæрмытæм ныккæлæг дон кæй сæвзæр кодта, зымæгмæ цæттæгонд уыцы хойраг дæр æппарын бахъуыд, — зæгъы Сырх Дзуары регионалон хайады разамонæг **Хъуысаты Иринæ**.

Тыхуарынты аххосæй хъыгдардбаййафæг адæм амынд хайадæн бафæдзæхстой хойраг æмæ сын сыгъдæгкæнынады дзаумæттæй баххуыс кæнын.

**Нæ уацхæссæг**

Наукæ

# Хорз мыггæгтæ — бæрзонд тыллæджы бындур

**Хæххон паддзахадон аграрон университеты хæрзхъæд мыггæгтæ æвзарæн æмæ цæттæгæнæн центры байгом нырыккон генетикон технологиты лабoратори. Нæ республикæйы уый у фыццаг, Цæгат Кавказы та — дыккаг ахæм лабoратори.**

амынд цæуынц, уыдон кадимæ сæххæст кæнын. Дызæрдыггаг нæу, нæ бæстæйы экономикæйы æмæ нырыккон технологиты рæзтыл кусгæйæ,



Кадджын уавæры йæ гом кæныны мадзалы архайдта Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**. Йæ раныхасы Таймураз загъта:

— Хæххон паддзахадон аграрон университет рагæй зындгонд у йæ ахуырадон, наукон æмæ педагогон фæзминаг традицитæй. Æмæ мын æхсызгон у, йæ историйы дыккаг æнусы райдайæны дзы ахæм лабoратори кæй фæзындзæн, ацы уæлдæр ахуыргæнæндоны ахъаззаг æнтыстдзинæдтæн аграрон наукæйы рæзты ахæм стыр аргъ кæй скодтой, уый.

2030 азы онг "Бæстæйы технологон рæзты концепцитæ"-йы фæлгæты уæлдай стыр æргом здæхт цæудзæн наукон иртасæнты æмæ инновацион ногдзинæдты рæзтæн аккаг уавæртæ сарæзынмæ. Æмæ Хæххон паддзахадон аграрон университеты коллективæн, — бафиппайдта Тускъаты Таймураз, — æнæмæнг, бантысдзæн, гæххæтты цы нысантæ уыцы-иу рæстæг университеты цы специалисттæ цæттæ кæнынц, уыдонæн дæр сæ зонындзинæдтæй царды парахатæй пайда кæнынæн кæй фæуыдзæн хорз гæнæнтæ.

Парламенты Сæрдар бæстон базонгæ лабoраторийы архайдимæ, ныхас кодта йæ кусджытимæ. Уыдон иууылдæр сæ дæсныйад æмæ зонындзинæдтæ рагацау фæфылдæр кодтой нæ бæстæйы раззагдæр биотехнологон æмæ селекцион центрты.

Куыд зонæм, афтæмæй Аграрон университеты картофы мыггæгтæ хæрзхъæддæр кæнынил кусынц 15 азæй фылдæр. Уымæн уым ис хорз фадæттæ, хæхты кусы сæрмагонд хуымты комплекс, университеты та — картофы мыггæгтæ хæрзхъæддæр æмæ æнæниздæр кæныны лабoратори.

Аграрон университеты хъæуулнхæдзарадон культурæты селекци æмæ генетикæйы наукон куыстыты тыххæй Тускъаты Таймураз дзырдта Уæрæсе æмæ Белоруссийы регионты форумы дæр, уый ацыдис горæт Уфайы. Нæ университетæн ис æнгом бастдзинæдтæ бирæ фæсарæйнаг паддзахæдтимæ, уыдонимæ — Белоруссийы Республикæимæ дæр.

2021 азы Хæххон паддзахадон аграрон университет банымадтой мыггæгтæ хæрзхъæддæр кæныны центртæ аразыны Уæрæсейы Наукæ æмæ уæлдæр ахуырады министрады конкурсы уæлахиздзаутæй иуыл. Абон та дзы скуыста, йæ ахадындзинад тынг ахсджиаг æмæ вазыгджын кæмæн уыдзæн, дунейы хуыздæр наукон центрты æмрæнхъ чи 'рлæудзæн, ахæм лабoратори дæр.

Уый у стыр æнтыст канд нæ республикæйы нæ, фæлæ æнæхъæн бæстæйы аграрон наукæйæн дæр.

**Фатимæ ХАДАШЕВА**

Хуссар Ирыстонæй

# Скъоладзауты балц — “Артек”-мæ

**15 хуссарирыстойнаг скъоладзауы сæрдыгон каникултæ арвитдзысты æппæтуæрæсеон фæлладуадзæн сывæллæтты центр ”Артек”-ы.**



Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта федералон агентад "Россотрудничество"-йы цхинвайлаг хайады минæвар.

"Россотрудничество"-йы минæвары ныхасмæ гæсгæ, агентад ауалдзæг сарæзта скъоладзауты сфæлдыстадон куыстыты дунеон конкурс “Артек”-ыл æнувыд адæм". Уыцы сфæлдыстадон ерысы зæрдиагæй архайдтой Хуссар Ирыстоны скъолаты минæвæрттæ дæр. Æмæ сæ архайд фæрæстмæ — 15 хуссарирыстойнаг скъоладзауы нымад æрцыдисты конкурсы уæлахиздзаутыл.

Ныр уыцы фæсивæд æртæ къуырийы дæргъы уыдзысты центр "Артек"-ы уазджытæ.

Уыимæ, конкурсы уæлахиздзауты хæстæгдæр рæстæг фæхондзысты "Россотрудничество"-йы цхинвайлаг минæварадмæ, цæмæй сын сæ дипломтæ радтой.

**(Информацион агентад Рес)**

Фæндагон фæтк

# Автомобилон инспекцийы амынддзинæдтæ

**Фæндагон змæлды æдасдзинадæн фадæттæ аразæг паддзахадон инспекцийы дзæуджыхъæуккаг хайады кусджытæ рейд ”Тонировкæ” баххæст кодтой.**

Транспортон фæрæзты æдасдзинады тыххæй техникон уагæвæрды домæнты аккаг чи нæу, барадхъахъхъæнджытæ уыцы таргонд раззаг æвгтимæ хæдтулгæты хицæуттæ урæдтой. Амынд аипп афоныл нæ аиуварс кæныны тыххæй хæдтулгæскъæрæджы фæивар кæнæн ис 2-4 мин сомæй, науæд та йæ ахæстоны фæдарæн ис 15 суткæйы дæргъы. Горæты фæндæгтыл радон профилактикон рейд æххæст кæныны рæстæг автоинспектортæ раргом кодтой 100 аиппы.

Комкоммæ уагæй фæндагыл транспортон фæрæзы æвгтæй таркæнынады уæлцъар сисæн кæмæ гæсгæ ис, рейды архайæг пъæлицæйы кусджытæ хæдтулгæскъæрджытæн закъонæвæрынады ахæм домæнтæ æмбарын кæнынц (административон ры нæ радтынц). Уынаффæ æххæст кæнгæйæ, бирæ хæдтулгæскъæрджытæ таргæнæг пленкæ хибарæй систой. Уæ



барадхæлд бакæнынæн чи ахъаз кæны, ахæм æууæлтæ аиуварс кæныны тыххæй гæххæттыл фыст домæн хæдтулгæскъæрæгæн амынд уавæзæрдыл уын лæууын кæнæм: ГОСТ-мæ гæсгæ, хæдтулгæйы раззагфарсон æвгты рухсуадзынады къæпхæн 70 процентæй, раззаг авджы рухсуадзынады къæпхæн та 75 процентæй къаддæр хъуамæ ма уа.

Автоинспектортæ æппæт хæдтулгæскъæрджытæн хъусын кæнынц: афæлгæст чи къуылымпы кæны, уыцы таргонд æвгтæ хæдтулгæ скъæрыны рæстæг æдасдзинадыл æвзæрæрдæм ахадынц.

Уымæй уæлдай, рейды рæстæг автоинспектортæ хæдтулгæскъæрджытæн хъусын кодтой дæрддзæгмæ цæстфæлдахæн митæй хи бахизыны тыххæй хабæрттæ. Цæстфæлдахæн миты сæйраг хуызтæ амынд æмæ, ацы фыдракæндтæй хи бахизæн куыд ис, уыдæтты тыххæй хъусынгæнинæгтæ фыст кæм сты, пъæлицæйы кусджытæ хæдтулгæскъæрджытæн ахæм тематикон гæххæттытæ радтой.

Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

